

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Nulis nyaéta nurunkeun lambang-lambang grafik sangkan éta lambang grafik téh bisa dipipaham ku nu macana (Tarigan, 1994, kc. 22). Nulis mangrupa hiji kaparigelan anu kudu dicangking ku siswa. Nulis téh penting pisan pikeun siswa, lantaran siswa kudu bisa ngedalkeun eusi haté, rasa, jeung pamikiranna kana wangun tulisan. Tapi, dina kanyataanana nulis téh lain hal anu babari pikeun siswa. Siswa sok hésé dina ngedalkeun eusi haté, rasa, jeung pamikiranna kana wangun tulisan.

Dumasar panalungtikan awal, kapanggih yén hasil diajar nulis nu aya di lapangan téh masih kurang nyugemakeun, nu jadi cukang lantaranna nyaéta kurangna minat siswa kana pangajaran nulis. Minat siswa jaman kiwari kana pangajaran nulis téh kurang pisan. Siswa jaman kiwari masih loba anu teu resep kana nulis. Masih loba siswa nu nganggap yén nulis téh hésé. Siswa jaman kiwari ogé, masih loba nu nganggap yén basa Sunda téh hésé anu ngabalukarkeun siswa teu daék nulis. Salah sahijina dina pangajaran nulis sajak. Siswa sakapeung sok hésé pikeun nangtukeun téma dina nulis sajak. Salian ti éta, masih loba guru anu can nyangkem kana modél jeung média pangajaran, éta hal téh ngabalukarkeun guru nu ngajar masih kénéh maké cara anu tradisional. Cara ngajar guru anu masih tradisional ogé mangaruh kana prosés pangajaran. Cara ngajar samodél kitu mangaruh kana prosés mekarkeun ide siswa. Ku kituna, cara ngajar anu masih tradisional téh can bisa mekarkeun ide jeung daya imajinasi siswa.

Kuduna siswa bisa mekarkeun ide ngaliwatan sajak, jeung kuduna dina nulis sajak téh siswa bisa mekarkeun daya imajinasina. Tapi, kanyataanana siswa can bisa mekarkeun ide jeung daya imajinasina, sarta siswa can bisa ngedalkeun rasa anu aya dina dirina ngaliwatan sajak.

Salah sahiji tarékah pikeun ngungkulan pasualan di luhur nyaéta maké média pangajaranna. Média pangajaran mangrupa sarana pikeun nepikeun matéri sarta amanat anu aya dina pangajaran. Média pangajaran miboga fungsi anu penting dina pangajaran nulis, lantaran média pangajaran bisa mangaruhan kana kahontalna tujuan pangajaran nulis.

Tarékah pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis, utamana nulis sajak tangtu waé kudu milih média pangajaran. Salah sahiji média nu bisa dipaké dina pangajaran nulis sajak nyaéta média video. Ieu média mangrupa bagéan tina média audio-visual. Média audio-visual nyaéta média anu ngalibetkeun indera pangrungu jeung panempo dina hiji prosés pangajaran (Munadi, 2008, kc.56).

Média video bisa dipaké dina prosés pangajaran. Média video mangrupa média anu aya lantaran ayana kamajuan élmu jeung téknologi. Média video nyaéta média anu ngagambarkeun hiji objék mangrupa gambar sarta sora nu alamiah atawa sora anu saluyu jeung objékna (Arsyad, 2007, kc. 49). Ieu média miboga unsur sora jeung unsur gambar anu dipaké dina proses pangajaran nu bisa ditempo jeung diregepkeun, nepi ka siswa bisa nyangkem pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep.

Lantaran média video miboga unsur sora jeung gambar, ku kituna ngaliwatan ieu média henteu matak ngabosenkeun prosés diajar. Ieu média bisa ngahudang sumanget jeung minat siswa dina pangajaran nulis, utamana dina nulis sajak. Média video ogé saluyu jeung kamekaran jaman nyaéta jaman teknologi anu sarwa canggih. Ngaliwatan média video, siswa bisa leuwih babari pikeun nangtukeun téma dina nulis sajak. Ieu média ogé bisa mantuan siswa dina nulis sajak, lantaran siswa bisa nuliskeun jeung ngaapréssiasikeun naon nu ditempo jeung naon nu diregepkeunna. Salian ti éta, ieu média bisa jadi alternatif pangajaran nulis sajak.

Média video anu dipaké dina pangajaran nulis sajak ieu nyaéta média video anu miboga téma kaéndahan alam saperti video pagunungan, video pasawahan, video pantéy jeung téma kanyaah kolot saperti video kanyaah indung ka anak. Dina prosés pangajaranna, média video dipintonkeun satuluyna siswa bisa milih

téma tina video anu geus dipintonkeun. Sabada siswa milih éta téma, satuluyna siswa bisa ngedalkeun ide anu saluyu jeung éta téma kana wangu sajak.

Nepi ka kiwari, panalungtik can manggih panalungtikan ngeunaan nulis sajak maké média video. Aya ogé nu nalungtik ngeunaan nulis sajak maké média gambar, nyaéta nu judulna “Éfektivitas Média Gambar dina Nulis Sajak (Studi Ékspérимén Murni ka Siswa Kelas VII SMP PGRI Pagelaran Taun Ajaran 2010/2011)” ku Afriani Dadang Sudrajat, “Kamampuh Siswa SMP Negeri 1 Cisewu Garut dina Nulis Sajak nu Ngagunakeun Média Gambar” ku Eponi Fatihatussiyadah, jeung “Tarékah pikeun Ningkatkeun Kamampuh dina Nulis Sajak Ngagunakeun Média Gambar” ku Lia Resty Sri Yulianti. Salian ti éta, aya ogé nu nalungtik ngeunaan nulis sajak maké média kartu kecap, nyaéta nu judulna “Éfektivitas Média Kartu Kecap pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak” ku Setiadi. Éta panalungtikan téh ngeunaan nulis sajak maké média gambar jeung média kartu kecap.

Bédana dina média pangajaranana, nyaéta média video. Ngaliwatan média video, dipiharep siswa bisa ngarasa sugema dina nulis sajak, sarta bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak.

Dumasar pedaran di luhur, judul tina ieu panalungtikan nyaéta “Média Video dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérимén ka Siswa Kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan Taun Ajaran 2013/2014)”.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Masalah-masalah dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Siswa ngarasa hésé diajar basa Sunda, utamana dina pangajaran nulis sajak.
- 2) Kurangna minat siswa kana pangajaran nulis, utamana nulis sajak.
- 3) Masih loba guru anu ngajarna masih tradisional jeung tara maké média pangajaran anu ngabalukarkeun siswa can bisa mekarkeun ide jeung daya imajinasina.

Dumasar kana masalah-masalah di luhur, ieu panalungtikan diwatesanan ngan nalungtik kamampuh nulis sajak siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014 maké média video. Aspék sajak anu

ditalungtik tina kamampuh nulis sajak siswa, diwatesanan struktur lahirna ngawengku diksi, imajinasi, jeung majas; ari struktur batinna ngawengku téma jeung rasa.

1.3 Rumusan Masalah

Masalah ieu panalungtikan, dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis sajak saméméh maké média video siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014?
- 2) Kumaha kamampuh nulis sajak sabada maké média video siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014?
- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada maké média video siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014?

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji média video dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014.

1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis sajak saméméh maké média video siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014;
- 2) kamampuh nulis sajak sabada maké média video siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014;
- 3) bédana antara kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada maké média video siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahán pangaweruh ngeunaan pangajaran nulis sajak. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat nambahán pangaweruh ngeunaan média pangajaran anu éfektif dipaké pikeun pangajaran nulis sajak.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana:

- a. mangpaat praktis pikeun siswa nyaéta bisa mikanyaho mangpaat média video dina pangajaran nulis sajak;
- b. mangpaat praktis pikeun guru nyaéta dipiharep bisa nambahán pangaweruh dina milih média pangajaran nulis sajak, nepi ka siswa mikaresep kana pangajaran nulis sajak;
- c. mangpaat praktis pikeun panalungtik nyaéta bisa mikanyaho kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada maké média video siswa kelas VII A SMPN 2 Selajambé Kabupatén Kuningan taun ajaran 2013/2014.

1.6 Raraga Tulisan

Eusi ieu skripsi ngawengku lima bab, dina unggal babna medar ngeunaan pedaran-pedaran anu sistematis dumasar kana maksud judul. Bab I medar ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Bab II medar ngeunaan ulikan média pangajaran, ciri-ciri média pangajaran, mangpaat média pangajaran, kritéria milih média pangajaran, prosedur milih média pangajaran, média video, wangenan média video, wangun video, kaonjoyan média video, léngkah-léngkah ngamangpaatkeun média video, video dina pangajaran nulis sajak, nulis, wangenan nulis, tujuan nulis, fungsi nulis, sajak, wangenan sajak, babagian sajak, struktur sajak, kamampuh nulis sajak, média video dina pangajaran nulis sajak, léngkah-léngkah maké média video dina pangajaran nulis sajak, raraga mikir, jeung hipotésis. Bab III medar ngeunaan lokasi panalungtikan

jeung sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, variabel jeung wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan. Bab IV medar ngeunaan kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada maké média video, analisis kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada maké média video, uji normalitas, uji homogénitas, uji gain, uji hipotésis, jeung pedaran hasil panalungtikan. Bab V medar ngeunaan kacindekan jeung saran.

